



WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

SALÈ MINIMÒM POU TRAVAYÈ K AP TRAVAY NAN RESTORAN KI FÈ MANJE RAPID YO

1/1/24-31/12/24

Apati 1/1/24, Salè minimòm pou travayè restoran ki fè manje rapid yo ap koresponn ak salè minimòm debaz la. \$16.00 pa èdtan nan Vil Nouyòk, Rejyon Long Island ak Westchester. \$15.00 pa èdtan pou rès eta Nouyòk.

KISA YON ETABLISMAN KI FÈ MANJE RAPID YE?

Yon etablisman ki fè manje rapid se nenpòt biznis ki respekte kritè ki annapre yo:

- Prensipal bagay yo sèvi se manje oswa bwason, ki gen ladan I kote yo vann kafe, kote yo prepare ji, kote yo vann benyen, kote yo vann krèm glase
- Ofri sèvis limite, kote kliyan kòmande ak peye anvan yo manje, ki gen ladan I restoran ak tab men san sèvis konplè, ak kote ki bay sèlman sèvis pou anpòte
- Se yon pati nan yon chèn 30 kote oswa plis, ki gen ladan etablisman endividyle ak asosye ak yon mak ki gen 30 kote oswa plis nan nivo nasyonal

EGZANP

Pami etablisman ki fè manje rapid yo, w ap jwenn: Ben & Jerry's, Chipotle, Dunkin Donuts, Golden Krust Caribbean Bakery and Grill, Jamba Juice, KFC, McDonald's, Nathan's Famous, Pizza Hut, Quiznos, Shake Shack, Starbucks, Subway, Taco Bell, Tim Hortons, Uno Pizzeria & Grill, Wendy's, ak White Castle.

Pou plis enfòmasyon sou definisyon yon etablisman ki fè manje rapid ak sa yo konsidere kòm yon chèn, tanpri al gade Règleman Endistri Ospitalite (Hospitality Industry Regulations) ki disponib sou <https://dol.ny.gov/hospitality-industry-wage-order-cr-146>.

KESYON MOUN POZE SOUVAN

KI KALITE TRAVAYÈ SALÈ MINIMÒM SA A TOUCHE?

Chanjman sa a touche tout moun k ap travay nan yon chèn restoran ki fè manje rapid ki reponn ak kritè ki dekri yo. Sa aplike pou travayè ki prepare manje yo, sekirite nan travay, etajè machandiz, netwayaj, ak sa k ap fè lòt travay.

ÈSKE KREDI POU REPA AK MONTAN YO REMÈT POU PRAN SWEN INIFÒM POU TRAVAYÈ RESTORAN KI FÈ MANJE RAPID YO PA MENM AK LÒT TRAVAYÈ ENDISTRI OSPITALITE YO?

Non, montan sa yo se menm bagay pou travayè nan restoran ki fè manje rapid ak sa k ap travay nan ospitalite yo.

E POU MONTAN YO PEYE POU EGZIJANS APÈL AK POU LÈ TRAVAY ANPLIS YO?

Travayè restoran ki fè manje rapid yo gen pou yo respekte kondisyon apèl ak lè anplis yo travay pou salè minimòm pou travayè restoran ki fè manje rapid yo.

ÈSKE TRAVAYÈ RESTORAN KI FÈ MANJE RAPID YO KALIFYE POU PÈMAN POU LÈ SIPLEMANTÈ?

Wi, travayè restotan ki fè manje rapid yo dwe touche yon fwa edmi montan yo peye a, pou nenpòt lè siplemantè ki depase 40 èdtan pa semèn.

POU PLIS ENFÒMASYON

Si w bezwen plis èd, oswa si w vle pote yon plent, tanpri rele: **1-888-4NYSDOL (1-888-469-7365)** oswa ale sou: www.labor.ny.gov/minimumwage.